

Rezime plan amelyorasyon lekòl la pou lane 2019-2020

Deklarasyon misyon: Alexander D. Henderson University School ak FAU High School fè efò pou yo: (1) demontre meyè pratik nan edikasyon pwofesè; (2) inovè, devlope, epi bay elèv yo yon kourikoulòm ki gen defi ladan li epi ki ekilibre avèk sipò inovatè akademik; ak (3) mennen ak sipòte nouvo rechèch edikatif.

Deklarasyon vizyon: Alexander D. Henderson University School/FAU High School (ADHUS/FAUHS) se yon bon modèl lekòl nasyonal pou sistèm lekòl yo ak pwogram preparasyon pwofesè yo ki amelyore edikasyon pou plizyè kalite elèv pa mwayen rechèch inovatif ak kourikoulòm ke pwofesè yo prepare.

Domèn enterè 1: Konpetans nan syans

Rezilta nou espere genyen 92% elèv yo pral pase syans ak nòt (3 oswa pi elve) dapre egzamen evalyasyon syans nan fen-ane yo bay tout lekòl la.

Ètap pou aksyon yo:

- Itilize USA Test Prep pou siveye pwogrè ki kontinyèl.
- Fè rankont endividyèl ak elèv pou detekte pwogrè elèv yo nan efò y ap fè pou satisfè nòm ofisyèl yo.
- Idantifye elèv ki bezwen ratrapaj dapre estanda NGSSS yo.
- Bay kan antrènman apre lekòl pou elèv yo ki nan 8yèm ane ki bezwen yon koudmen.

Domèn enterè 2: Pwogrè nan Lang ak Literati Anglè, Aprantisaj

Rezilta nou espere genyen Gen omwen 84% elèv yo ki pral fè pwogrè nan aprantisaj jan FSA 2019-2020 an endike sa nan Lang ak Literati Anglè

Ètap pou aksyon yo:

- Itilize USA Test Prep pou siveye pwogrè nan kolèj.
- Fè rankont endividyèl ak elèv pou jwenn elèv ki pa satisfè mwayèn ofisyèl.
- Bay leson prive ak/oswa entèvni nan salklas pou bay elèv ki bezwen yon koudmen.
- Bay devlopman pwofesyonèl nan estrateji lekti atravè konsiltan Linking Walks yo.

Domèn enterè 3: Reyisit ak Aprantisaj Matematik

Rezilta nou espere genyen Gen omwen 77% elèv yo ki pral fè pwogrè nan aprantisaj matematik dapre evalyasyon konbine nan matematik (FSA ak EOC) an 2019-2020.

Ètap pou aksyon yo:

- Sèvi ak ALEKS pou siveye pwogrè ak fè konnen enstriksyon.
- Fè rankont endividyèl ak elèv pou jwenn elèv ki pa satisfè mwayèn ofisyèl.
- Bay leson prive ak/oswa entèvni nan salklas pou bay elèv ki bezwen yon koudmen.
- Bay devlopman pwofesyonèl ak tan pou pwofesè yo kite klas yo pou yo patisipe nan Linking Walks pou yo ka obsève epi kolabore sou zafè itilizasyon estrateji ki bay gwo randman.